

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Manusa ngagunakeun basa salaku alat komunikasi. Nurutkeun Dardjowidjojo (2014:16) basa mangrupa hiji sistem simbol lisan arbitrer nu dipake ku hiji masarakat basa pikeun komunikasi jeung interaksi antara hiji jeung nu lianna. Basa téh hiji sistem nu diwangun ku komponen lengkep, boga pola jeung kaédahna séwang-séwangan.

Basa salaku alat nu penting dina komunikasi. Prayitno, Jamaludin, & Jha (2020) ngébréhkeun yén basa sarana pikeun nepikeun harti ka jalma lian ku cara nu bisa dipikapaham. Interaksi bakal hirup ku ayana aktivitas nyarita antara panyatur jeung pamiarsa.

Manusa dina kahirupan sapopoé nyangking basa tina lingkunganna, ogé ngagunakeun basa salaku alat pikeun komunikasi. Nurutkeun Dardjowidjojo (2014:234) manusa di mana waé ogé bakal bisa ngawasa basa, asal manéhna tumuwuh dina hiji masarakat.

Chaer jeung Agustina (2010:14) nétélakeun yén basa mangrupa alat pikeun interaksi jeung komunikasi, dina harti lian alat pikeun nepikeun pikiran, sawangan, konsép, atawa rasa. Ku kituna, basa miboga peran nu penting pikeun manusa ngalakonan kahirupan sosial.

Dina prosés komunikasi sosial nu kalibet di antarana panyatur, pamiarsa, jeung jejer omongan. Nalika lumangsungna éta prosés, tangtuna aya interaksi nu mangrupa paguneman. Paguneman bisa dilaksanakeun ku dua urang atawa leuwih, saharitaeun, jeung umumna paranjang.

Sudaryat (2020:97) nyebutkeun yén pragmatik ngulik patalina polah basa jeung kontéks tempat lumangsungna, waktu, jeung kaayaan panyaturna, sarta hubungan ma'na kana situasi omongan. Dina élmu pragmatik ngulik ogé kumaha wujud, wanda jeung fungsi kedaling pragmatik nu bisa ngarajong kagiatan komunikasi sangkan teu nimbulkeun salah tafsir antara panyatur jeung pamiarsa.

Pragmatik mangrupa talaah ngeunaan rélasi antara basa jeung kontéks nu mangrupa dadasar pikeun hiji catetan atawa laporan maham basa dina kecap lian

talaah ngeunaan kamampuh makéna basa matalikeun sarta kasaluyuan kalimah-kalimah jeung kontéks-kontéks kalawan bener (Levinson, 1980: 1-27).

Karya sastra mangrupa hasil karya cipta jeung kréativitas hiji jalma (pangarang) dina ngolah basa anu ngajangélék jadi hasil karya sastra anu éstétis. Patali jeung hal éta ditétélakeun ku Iskandarwassid (2003:138) yén karya sastra téh nyaéta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa.

Karya sastra lain élmu, karya sastra mangrupa seni, di mana loba unsur kamanusaan nu asup di jerona, hususna rasa, jadina hésé dilarapkeun pikeun métode kaélmuan. Rasa, sumanget, kapercayaan, kayakinan salaku unsur karya sastra hésé dijieun watesanna. Karya sastra mangrupa éksprési pribadi manusa nu mangrupa pangalaman, pamikiran, rasa, idé, sumanget, kayakinan dina hiji wangun gambaran kahirupan, nu bisa ngahudangkeun pesona ku alat basa sarta digambankeun dina wangun tulisan. Sumardjo nétélakeun yén karya sastra mangrupa hiji usaha ngarekam ku basa nu bakal ditepikeun ka jalma lian. Karya sastra miboga mangpaat pikeun kahirupan, ku sabab karya sastra bisa méré kasadaran ka nu maca ngeunaan bebeneran hirupna, sanajan digambarkeun dina wangun faksi. Karya sastra mangrupa hiburan nu bisa méré kagumbiraan jeung kasugemaan batin. Karya sastra ogé bisa dijadikeun salaku pangalaman pikeun nyieun karya, ku sabab saha waé bisa ngébréhkeun eusi haté jeung pikiran dina hiji tulisan nu miboga ajén seni (Ahyar, 2019).

Tiori pragmatik nétélakeun pamikiran panyatur jeung pamiarsa dina nyusun korélesi dina hiji kontéks tanda kalimah ku hiji proposisi (rencana atawa bangbaluh). Dina hal ieu tiori pragmatik mangrupa bagian tina performansi.

Wujud kedaling pragmatik didasaran ku fungsi atawa ajén komunikatif kalimah, nyaéta (a) wawaran (dékläratif), (b) pananya (interrogatif), (c) paréntah (imperatif), jeung (d) panyeluk (aklamatif).

Dipatalikeun kana komponén jeung fungsi komunikasi basa, kedaling omongan nu sipatna pragmatis téh aya genep rupa, nyaéta (1) aspék sosialisasi, (2) aspék sikep intéléktual, (3) aspék émosi, (4) aspék informasi faktual, (5) aspék moral, jeung (6) aspék ngaréngsékeun masalah.

Wanda kedaling pragmatik ngawengku (1) omongan langsung literal, jeung (2) omongan teu langsung literal.

Carita pondok mangrupa carita karya tinulis rékaan atawa fiksi dina wangu lancaran, prosa naratif. Galur carita rélatif basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian utama, mangrupa hiji “épisode”, palaku ogé ngan ukur dua, tilu. Ku lantaran kitu, ieu carita pondok téh rélatif pondok. Umumna mah jejer, latar, jeung kajadian carita téh diolah dina alam kiwari (Iskandarwassid, 2003:133).

Carpon Kanyaah Kolot mangrupa salahiji carpon Sunda nu medal di taun 1985. Kanyaah Kolot nyaéta kumpulan carpon karya Karna Yudibrata nu eusina aya dalapan judul nyaéta (1) *Jang Oman*, (2) *Kanyaah Kolot*, (3) *Néng Yaya Gering Tipes*, (4) *Jurig Bungkeuleukan*, (5) *Buah Limus Murag ku Angin*, (6) *Nganti-Nganti Dawuh*, (7) *Kanyaah*, jeung (8) *Naib Cidahu*.

Panalungtikan séjén nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan Fitriani (2021) Polah Ucap Ékspresif dina Naskah Drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana (Ulikan Semantik jeung Pragmatik). Éta panalungtikan medar ngeunaan wanda jeung ma’na polah ucap éksprésif dina naskah Tukang Asahan karya Wahyu Wibisana. Panalungtikan sateuacanna ngeunaan aspék kedaling pragmatik nyaéta (1) Aspék Kedaling Pragmatik dina Kumpulan Carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri (Lestari, 2019); jeung (2) Aspék Kedaling dina Novel *Béntang Pasantré*n karya Usép Romli H.M (Alfaeni, 2021) nu medar ngeunaan wujud, wanda, jeung fungsi pragmatik. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan sateucanna nyaéta sumber data nu digunakeunana, ogé dina rumusan masalah dina wanda medar ngeunaan omongan langsung literal jeung omongan teu langsung literal. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun sumber data kumpulan carpon nu juduna ‘*Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata’

Dumasar panalungtikan nu dilakukeun ku Lestari (2019) jeung Alfaeni (2021), aya sababaraha masalah nu kaidéntifikasi. Contona aya omongan nu ngalantarankeun salah tafsir antara panulis jeung pamaca ku sabab teu miboga pangaweruh nu leuwih. Salah tafsir bisa mangaruhan kana eusi carita.

Tujuan dina ieu panalungtikan pikeun mikanyaho kedaling pragmatik kalimah dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Ku cara mikanyaho

kedaling pragmatik kalimah nu aya dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata dipiharep teu aya salah tafsir antara panulis jeung nu maca carpon.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Sangkan leuwih museur kana analisis kedaling pragmatik kalimah, ieu panalungtikan ngaidéntifikasi masalah ku cara museurkeun panalungtikan nyaéta kana unsur-unsur kedaling pragmatik kalimah anu ngawengku (1) wujud nu ngawengku (a) wawaran (déklaratif), (b) pananya (interogatif), (c) paréntah (imperatif), jeung (d) panyeluk (aklamatif); (2) aspék nu ngawengku (a) aspék sosialisasi, (b) aspék sikep intéléktual, (c) aspék émosi, (d) aspék informasi faktual, (e) aspék moral, jeung (f) aspék ngaréngsékeun masalah; jeung (c) wanda kedaling dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha wujudiah kedaling pragmatik kalimah nu nyampak dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?
- 2) Aspék kedaling pragmatik kalimah naon waé nu nyampak dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?
- 3) Kumaha wanda kedaling pragmatik kalimah nu nyampak dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun wujud, aspék, jeung wanda kedaling pragmatik kalimah nu aya dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- 1) wujud kedaling pragmatik kalimah dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 2) aspék kedaling pragmatik kalimah dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;

- 3) wanda kedaling pragmatik kalimah dina carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh pragmatik, hususna dina kedaling pragmatik kalimah jeung bisa dijadikeun référénsi pikeun mikanyaho aspék kedaling ogé bisa nambahana pangaweruh nu maca.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktisna, ieu panalugtikan téh dipiharep bisa mangpaat pikeun sawatara pihak, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik

Dipiharep ieu panalungtikan bisa méré pangalaman ka panalungtik séjénna.

- 2) Pikeun Guru

Pikeun guru, bisa dijadikeun bahan pangajaran basa di sakola.

- 3) Pikeun Mahasiswa

Dipiharep bisa dijadikeun référénsi dina ngeuyeuban panalungtikan ngeunaan basa.

- 4) Pikeun nu maca

Dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahana référénsi pikeun panalungtikan satulunya hususna dina widang kabasaan.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dijieuun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi.

Bab I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan tiori anu ngawengku tiori ngeunaan kedaling pragmatik kalimah, wangenan kedaling pragmatik kalimah, aspék kedaling pragmatik kalimah jeung wanda kedaling pragmatik kalimah, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku aya sabaraha wujud kedaling pragmatik kalimah, aspék kedaling pragmatik kalimah, jeung wanda kedaling pragmatik kalimah dina kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun pamaca.